

MOUN KAP TRAVAY LAKAY MOUN, KONNE DWA NOU DWA TRAVAY OU YO NAN NJ



OU MERITE POU TRAVAY NAN YON ANVIRONMAN KI SAN DANJE E KI RESPEKTE DWA OU.

Lalwa nan NJ pwoteje dwa Moun Kap Travay Lakay Moun, kèlkeswa estati imigrasyon ou oswa ki fason yo peye ou.

Bòs travay ou wa paka tire revanj paske ou defann dwa ou, si yo fè sa yo ka nan gwo problèm.



ÈSKE MWEN SE YON KAP TRAVAY LAKAY YON MOUN?

Yo konsidere ou kòm yon moun kap travay lakay moun si wap travay lakay yon moun, wap okipe timoun, netwaye kay, fè manje, fè jaden, pran swen granmoun aje oswa moun ki andikape, elatriye.

IMIGRAN YO GEN PWOTEKSYON

New Jersey Department of Labor (NJDOL) pap tyeke estati imigrasyon oswa sitwayènte ou. NJDOL pap pataje enfòmasyon ki soti nan yon ankèt ak okenn ajans federal imigrasyon, sof si li lalwa mande l. Ou dwe genyen yon nimewo sekirite sosyal pou ka aplike pou benefis.



DWA AK PWOTEKSYON OU YO

Dwa pou gen yon kontra

Si ou se yon moun kap travay lakay moun, e patwon an garanti ke ou travay plis ke senk èdtan nan yon mwa, patwon an dwe ba ou yon kontra sou papye e ki ekri nan lang ou mann ou ak pap ou.

Dwa Pou Touche Byen pou tout lè ou travay, e Dwa Pou touche menm si ou ta malad

Pou pi piti ou dwe touche minimòm kòb leta NJ mande pou touche chak èdtan, si ou ta travay plis lè, ou dwe touche plis epi ou ka jwenn konje maladi pou pran swen tèt ou oswa pwòch ou.

Gen Dwa Pou Repoze

Sa gen ladan tan pou repoze, tan pou manje, ak tan pou dòmi selon kantite tan ou travay.

Dwa Pou Pwoteje Enfòmasyon Ou

Travay ou a pa kapab kenbe papye orijinal ki gen enfòmasyon pèsònèl ou yo (pa egzanp: paspò, viza). Yo pa ka kontwole vi prive ou.

Asirans pou Travayè yo

Travay ou an dwe gen asirans pou travayè yo pou si yon malè ta rive ou nan travay la.

Konje Peyè pou Fanmi, pou Medikal e Si ou Ta Vin Pèdi Travay ou

Anpil moun kap travay lakay moun kalifye pou benefis lajan kach. Ou dwe genyen yon nimewo sekirite sosyal pou ka aplike pou benefis yo.

Pwoteksyon kont diskriminasyon

Li ilegal pou travay ou fè diskriminasyon kont ou, oswa yo trete mal sou karakteristik ou, tankou ras ou soti, nasyonalite ou, sèks ou, elatriye.

Sante ak sekirite

Nouvou lwa pou moun kap travay lakay moun nan NJ egzijie NJDOL pou adopte prensip pou bay sekirite ak sante travayè sa yo enpòtans. Nap pote plis enfòmasyon pou ou.



APRANN PLIS OSA
DEPOZE YON PLENT NAN
nj.gov/labor/domesticworkers